
# ONGORORO YEBHAIBHERI

NaJ.C. Choate



**ONGORORO YEBHAIBHERI**

**NaJ. C. Choate**

Bhaibheri rinobudisa pachena zvinodikanwa naMwari kumunhu. Unoziva here zvaanoda Iye kwauri? Ndapota verenga ndima inotevera, uchicherechedza mukuzadzisa mibvunzo uzvionere zvaunofunga usati vaenda kumhinduru, dzakapihwa muZvinyorwa, kuitira kuti ukwanise kuziva kuti umire papi maringe nemhinduro dzako. Usatarise minduro kusvikira vapedza mibvunzo yerodzapfungwa iyi.

**1**. "*Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi" (Johane 3:16). "Naizvozvo, zvatinomuPirisita mukuru kwazvo, wakapinda napakati pokudenga, iye Jesu, Mwanakomana waMwari, ngatibatisise kupupura kwedu"* (VaHeberu 4:14).

**Ndiani anonzi Jesu?** __________ 1. Murume zvakevo 2. __________ Mwanakomama vaMwari

**2**. "*Vachaparidza seiko, kana vasingatumwi? Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Dzakanaka sei tsoka dzavanoparidza Evhangeri yorugare, namashoko omufaro ezvinhu zvakanaka!"* (VaRoma 10:15). "*Zvino, hama dzangu, ndinokuzivisai Evhangeri yandakakuparidzirai, iyo yamagamuchira vo, neyamunomira vo mairi; iyo yamunoponeswa vo nayo, kana muchiibatisa nomutovo wandakaiparidza kwamuri, kana musina kutenda pasina. Nokuti pakutanga ndakakupai izvo zvandakagamuchira vo, kuti Kristu wakafira zvivi zvedu, sezvakanyorwa paMagwaro; vuye kuti wakavigwa, akamutswa nezuva retatu, sezvakanyorwa paMagwaro; "* (Vakorinte 10:15).

**Chii chinonzi Evhangeri?** _________ 1. Ishoko rakanaka rekufa, kuvigwa pamwe nekumuka kwaKritsu. __________2. Ruponeso kubudikidza nekutenda bedzi. __________ 3. Nyasha nengoni.

**3.** Kritsu anoti; "Akati kwavari: Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose

Evhangeri. Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa" (Marko 16:15,16).

**Munhu anofanirwa kuitasei kuti aponeswe?** __________ 1. Kutenda bedzi. __________ 2. Kunamata "Munamato wevatadzi". __________ 3. Kutenda pamwe nekubhabatidzwa.

**4.** "*Maakavigwa pamwe chete naye pakubhabhatidzwa, pamakamutswa vo pamwe chete naye nokutenda kwenyu simba raMwari wakamumutsa kuvakafa" (Vakorose 2:12). Mushure mekunge Firipo aparidza Kritsu kumurume aibva kuEthopia, tinoverenga kuti "Zvino vakati vachifamba munzira akati: Heyi mvura; chinyiko chingadzivisa ndirege kubhabhatidzwa? [Firipo akati: Kana uchitenda nomoyo wako wose, zvingaitwa. Akapindura, akati: Ndinotenda kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari.] Akaraira kuti ngoro imire; vakaburukira vose mumvura, iye Firipo nomuranda; akamubhabhatidza. Zvino vakati vachibuda mumvura, Mweya waShe ukabvisa Firipo; muranda akasazomuvona zve; nokuti wakafamba rwendo rwake, achifara"* (Mabasa 8:36-39).

**Chii chainzi rubhabatidzo?** __________ 1. Kubhabatidzwa kweMweya. __________ 2. Kuvigwa mumvura . __________ 3. Kudirwa kwemvura mumusoro memunhu.

**5.** *" Nokuti imi mose muri vana vaMwari nokutenda munaKristu Jesu; nokuti vose pakati penyu, vakabhhabatidzwa munaKristu, makafuka Kristu"* (VaGaratia 3:26-27).

**Munhu angapinda sei muna Kritsu?** _________ 1. Kubudikidza nokutenda bedzi. __________ 2. Kubhabatidzwa munhu vakafukidzwa machira okutenda.

**6.** *" Saka kana munhu ari munaKristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuvura; tarirai, zvose zvava zvitsva"* (2 Vakorinte 5:17).

**Kana munhu ava munaKritsu, anenge avechii?** __________ 1. Chisikwa chitsva. __________ 2. Anoponeswa asingazorasikizve.

**7.** *" Jesu akapindura, akati: Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwauri: Kana munhu asingaberekwi nemvura noMweya, haangagoni kupinda muvushe bwaMwari"* (Johane 3:5).

**Munhu angazvarwa sei kuti akwanise kuva chisikwa chitsva?** _________ 1. Anozvarwa nemvura (kubhabatidzwa) uye neMweya kuti apinde muUshe hwaMwari (inova kereke). _________ 2. Anogamuchira Kritsu saIshe naMuponesi vake.

**8.** Kritsu anoti, " Neni ndinoti kwauri ndiwe Petro, pamusoro poruware urwu [Kritsu Pachake] ndichavaka kereke yangu, masuvo eHedhesi haangaikundi" (Mateo 16:18).

**Ndiani vakavaka kereke?** _________ 1. Kritsu Pachake. _________ 2. Martin Luther. _________ 3. Nevamwe vakadaro.

**9.** Pauro anoti, *" Nokuti murume musoro womukadzi, saKristu vo musoro wekereke; iye amene ndiye muponesi womuviri [Kereke]"* (VaEfeso 5:23).

**Munhu anofanirwa kuva nhengo yekereke kuti aponeswe here?** _________ 1. Kwete. _________ 2. Kereke dzakangofanana. _________. Kana Kritsu ariye muponesi vemuviri (inova kereke Yake, VaKorose 1:18), zvoreva izvo kuti munhu anofanirwa kunge ari mukereke yake kuti aponeswe.

---

Mukutsanangurwa kunobudisa pachena kweZvinyorwa nezvakanyorwa, kuva nemhinduro dzisidzo zvoreva kuti pane kudzidziswa kwedzidziso dzisidzo uye anofanirwa kuvhura meso ake kuzvidzidzo zveZvinyorwa pachake. Zvinotibatsirei kana tiri "vezvitendero" asi zvisiri maringe neizvo Mwari akatiraira kuti tiite mushoko Rake. Mumwe neumwe vedu anofanirwa kubvunza mubvunzo uyu: Ndiani ane masimba? Mwari? Vamwe vafundisi kana kuti vatungamiri vekereke? Ini here?

**Chokwadi chataridzwa pano chirinyore uye hachinetsi kunzwisisa. Unochigamuchira here, nekuchitenda machiri, pamwe nekuteerera machiri? Tinonamata kuti uite sokudaro.**